

GICHÈ FIL OSC LA

Retounen sou esperyans ki te fèt ak finansman pwojè OSC te pote yo

Fich sa a prezante retou sou esperyans **etablisman gichè Fon Investisman Lokal (FIL) OSC** la.


Fon Investisman Lokal sa a (FIL) se nan kad Pwogram Apui pou Gouvènans Desantralize (PAGODE) la, nan tèt kole ak enstitiyon patnè li yo (MICT, MPCE ak FENAMH pou piplis) yo te mete l kanpe. Se yon enstriman ki sèvi pou finansman pwojè komin yo (gichè kominal) oswa Òganizasyon Sosyete Sivil yo (gichè OSC-OCB) ap mennen.

Prensip yo ak règ pou mizannèv FIL la te defini nan yon **kòd finansman** ki espesifye, pa egzanp, kondisyon pou lidè pwojè yo elijib, modalite seleksyon ak mizannèv pwojè yo, suivi ak evalyasyon.

Anvlòp lajan ki prevwa pou FIL nan bidjè PAGODE la te reprezante apeprè 1.5 milyon dola ameriken.

FIL la reprezante yon eleman santral nan pwojè a. Anplis dimansyon li kòm yon zouti finansman, li se yon enstriman ki enpòtan anpil pou ranfòse kapasite aktè yo, anpatikilye OSC patnè yo nan kad pwogram ranfòsman kapasite yo. Pou fini, yo te konsewa FIL tankou yon enstriman ki dwe favorize ranfòsman dyalòg ak konsètasyon ant diferan enstans ki enplike sou teritwa yo.

Fich sa a konplete fich sou gichè kominal la ak lòt fich ki pwodui nan kad kapitalizasyon PAGODE la.



Chema sa a jan li te prevwa nan Kòd la epi jan yo te mete l ajou sou baz kalandriye ekzekisyon definitif la

Yon pwosesis ki pran tan

Nan kad yon pwojè, mizannèv fon finansman pwojè devlopman lokal yo mande yon pwosesis ki ase long, sitou nan yon kontèks tankou an Ayiti kote gen peryòd gwo tansyon ki frennen aksyon k ap fèt yo.

Anpatikilye, **faz anvan-estiman an**, ki kòmanse nan moman komin lan resevwa enfòmasyon sou anvlòp bidjè a epi ki fini lè akò finansman an siyen ak OSC a epi travay yo kòmanse. Se yon faz ki pa dwe neglijè paske li detèminen si mizannèv pwojè ki finanse a ap fèt byen epi ap dirab. Nan kad PAGODE, faz sa a te dire plis pase yon lane (*gade chema ki te prezante pi wo a*).

Faz ekzekisyon an varye natirèlman selon kalite travay k ap fèt yo, men faz sa a kapab long tou, espesyalman akòz rezo antrepriz lokal yo ki fèb ak difikilte yo jwenn pou kòmanse finanse travay yo epi pwoblèm ak bank yo. Bank yo kapab konplike pwosedi vèsman tranch lajan bay antrepriz ki mobilize sou pwojè yo.

Akòz reta ki te pran sou 2 premye fas sa yo, **faz apre estiman an**, ki enpòtan tou pou asire aktè lokal yo pran responsablite pwojè a, pa t kapab reyalize nan kad PAGODE.

Yon FIL OSC ki santre plis sou devlopman ekonomik teritwa yo

Pi gwo defi gichè OSC a se te finanse òganizasyon ki prezan, ki aktif epi yo rekonèt nan komin lan, kontribye nan ranfòsman OSC sa yo, epi finanse pwojè ki gen yon enpak sou devlopman ekonomik teritwa a.

Nan kad FIL OSC, 86% nan pwojè yo finanse te gen vokasyon ekonomik. Nan Grandans ak Sid, ki te gen pran pi gwo chok nan dènye tranblemanntè a, kèk pwojè te plis enskri nan kategori "anviwònman, jesyon resous natirèl ak rediksyon risk nan ka katastwòf" Kòd la. Men, majorite pwojè gichè OSC finanse yo te gen yon vokasyon ekonomik, epi sitou yo te gen pou wè ak amelyorasyon kapasite pwodiksyon epi amelyorasyon kapasite transfòmasyon ak valorizasyon pwodiksyon yo.

Yon zouti mobilizasyon, fòmasyon epi ki kreye yon konpetisyon pozitif sou teritwa yo

« Ekonomi an p ap janm menm jan ankò ; kiltivatè yo ap ka jwenn kakawo pou vann li ak pou konsomasyon yo. Moun ki nan transfòmasyon pral jwenn dekwa pou yo travay. Sa ki te byen mache se swen PAGODE te pran pou asire l tout bagay fèt nan transparans pandan tout pwosesis la. » Aksyon Jèn ki Ini pou Devlopman ak Avansman Deshormeaux (AJUDAD).

Gichè a, ak sistèm apèl pou pwojè ki te mete OSC yo nan yon sitiyasyon konpetisyon, te kreye kèk dinamik ak konkirans pozitif nan nivo lokal la.

Anjeneral, OSC yo te apresye anpil akonpayman nan faz konsepsyon ak mizannèv yo, epi tou jan yo te mete zouti disponib pou devlope ak jere pwojè yo.

Anplis valè ki ajoute dirèkteman an rapò ak preparasyon pwojè a, sa te pèmèt yo pran plis fòs nan montaj ak jesyon pwojè epi plizyè aktè te di ak fòs apui sa yo, ak tout pwosesis la anjeneral, te pèmèt yo ranfòse dinamik entèn òganizasyon yo.

«Youn nan siksè pwojè a se vrèman ranfòsman dinamik entèn òganizasyon an. Manm yo te menm dispoze pou pote kontribisyon ekonomik yo pou konplete plan finansman an dekwa pou pwojè a te kapab abouti. Jodi a nou gen posiblite pou rann Fly boat la disponib pou kominote a kapab itilize wout lanmè a si sa nesèsè » Asosyasyon Pechè Aktif Sables (APAS)

Yon pakou « ranfòsman kapasite / finansman pwojè » ki fè sans

Anplis zouti ak akonpayman tout kandida yo te resevwa pandan faz montaj pwojè yo, kèk nan OSC patnè yo te benefisye tou yon pwogram espesifik.

Se konsa, nan kad volè *Ranfòsman Òganizasyonèl OSC yo*, epi apre yon dyagnostik teritwa a, PAGODE te devlope patenarya ak OSC ki te benefisye yon pwogram fòmasyon.

Kidonk, OSC patnè sa yo te rive suiv yon fòmasyon ki gen ladann, dabò, ranfòsman kapasite yo, atravè yon **fòmasyon teyorik**, epi annapre, yon aplikasyon pratik, atravè **finansman yon pwojè**. OSC konsène yo te apresye anpil makonaj sa a ant de volè PAGODE sa yo.

Yon pwosesis yo fè lwanj pou transparans li, men kèk moun ka jije ki pa jis

Anpil fwa yo pale sou transparans nan pwosesis la kòm yon bon pratik nan PAGODE, epi sa nan tout etap mizannè v la, kit se pandan difizyon apèl pou pwojè yo, kit se pandan kominikasyon sou gichè a ak sou kritè seleksyon li yo, kit se lè y ap aplike kritè sa yo oswa lè y ap jere kontestasyon yo.

Sepandan, menmsi pwosesis la te transparan, sèten aktè te siyale yon fòm inegalite ant OSC ki patnè PAGODE yo ak lòt òganizasyon yo. Alavèrite, pwojè OSC ki te patnè PAGODE epi ki te benefisye kèk apui nan ranfòsman òganizasyonèl yo, te gen plis sikse (70% nan pwojè yo te chwazi yo se te pa OSC ki patnè PAGODE, alòske yo reprezante sèlman 53% nan tout pwojè ki te soumèt).

Yo ka analize "twòp reprezantasyon" patnè OSC yo nan pwojè yo te chwazi yo plizyè fason. Paske OSC patnè sa yo te benefisye fòmasyon teyorik anvan, nan yon sans, se nòmal pou dosye yo te soumèt apre sa te pi konplè oswa pi byen òganize. Kidonk nou ta ka konsidere "twòp reprezantasyon" sa a se yon aspè pozitif nan pwosesis la.

Sepandan, nan yon lòt sans, pre-seleksyon estrikti patnè sa yo ka te afekte konpetisyon pou seleksyon

pwojè yo, nan sans kèk OSC ki pa t benefisye fòmasyon an te kapab deside pa soumèt yon aplikasyon paske yo konsidere chans pou yo wè pwojè yo chwazi twò fèb akòz yo se yon estrikti ki pa patnè PAGODE.

Metòd distribisyon varye, pou rezilta opoze

Se 131 dosye ki te soumèt nan tout 11 komin kote pwojè a te entèvni, yon mwayèn 12 dosye pou chak komin. Malgre sa, volim sa a pa sanble tèlman anpil lè nou konsidere kantite OSC ki egziste sou teritwa sa yo ak kantite OSC ki patnè PAGODE (anviwon dis an mwayèn pou chak komin).

Pandan kapitalizasyon an, te gen yon seri metòd difizyon ki te pwopoze: afich nan lokal meri yo, envitasyon nan reyinyon enfòmasyon, emisyon radyo, kominikasyon sou rezo sosyal yo, rankont kominotè oswa menm kominikasyon nan legliz yo.

Pandan entèvyou ak sondaj yo, kèk moun te pataje pèsèpsyon yo sou ki metòd distribisyon ki te mache pi byen, men pa gen okenn done ki disponib pou konfime ki metòd ki te pwodwi piplis kandidati.

Difikilte nan mizannè v la ak yon suivi ki merite ranfòse

Pi gwo difikilte yo rankontre nan aplikasyon FIL OSC yo gen pou wè, anjeneral, ak kontèks entèvansyon pwojè a.

Difikilte sistèm bankè ayisyen an, mete ak mank lajan likid ki disponib nan nivo kès popilè yo, te lakòz gwo reta nan dekesman lajan yo.

Ogmantasyon nan pri ekipman, matyè premyè, betay ak mendèv tou te fòse anpil OSC adapte yo, swa nan revize bidjè yo oswa nan chanje chwa ekipman yo achte.

Enstabilite ak ensekirite nan peyi a (menas, vòl, elatriye) te mete operatè yo tou nan difikilte pou egzekite pwojè yo epi yo te lakòz anpil reta.

Finalman, suivi teknik pwojè yo tou te sibi kontrent bidjetè epi yo pa t ba li tout plas li te merite genyen nan pwosesis la.

« Se yon trè bèl eksperyans ; li te pèmèt nou aprann kijan pou reponn yon apèl dòf, kijan pou mobilize lajan, teknik redaksyon rapò finansye, planifikasyon pwojè. Se te yon gwo leson nou aprann. Nou te gen tout sipò posib ak tout zouti nou te kapab bezwen. Kòm pwèn fò se transparans lan pandan tout pwosesis la ; kòm pwèn fèb se reta nan dekesman yo. » Konbit Peyizan Grandans (KPGA)

Rekòmandasyon pou mizannèb kèk demach ki menm ak sa a

- Yon pi bon **atikilasyon ak volè ranfòsman OSC yo**. Paske te genyen, yon bò, yon kou fòmasyon ki "fèmen" (pou OSC ki patnè yo sèlman) ak, yon lòt bò, yon apèl pou pwojè ki "louvri", kèk aktè te kapab wè sa kòm yon enjistis. San nou pa remete an kesyon enpòtans pakou "fòmasyon/finansman" sa

a, li ta enteresan pou nou asire atikilasyon sa a pa frennen kandida potansyèl yo. Youn nan pis solisyon pou difikilte sa a se ta ka aksepte responsablite patenarya privilejye sa a epi ankadre li pi byen. Pa egzanp, rezève, yon jan ki fòmèl, yon pati nan anvlòp bidjetè gichè a pou OSC patnè yo. Yon lòt pis solisyon ta ka kominike plis ak OSC ki pa patnè yo, pandan n ap bay dimansyon "louvri" gichè a plis enpòtans.

- Nan sa ki gen pou wè ak **difizyon apèl pou pwojè yo**, diferan ekip depatmantal yo te kapab diskite epi mete anplas, anvan apèl pou pwojè yo, yon metodoloji komen ak zouti ki amonize, yon fason pou pataje lide ak eksperyans epi pwofite omaximòm zouti ki sanble te mache pi byen yo ak pran ankont karaktè espesifik teritwa yo. Operatè a ak donatè a dwe konsidere ak anpil atansyon tan ak gwosè pwojè a pou etap enpòtan sa yo.
- Elaji **kritè kalifikasyon** yo pou ogmante kantite kandidati yo. Anpatikilye, nou te kapab rekonsidere kritè pou pa t deja benefisyè lòt finansman. Menm si li enpòtan pou nou veyatif nan sa ki gen pou wè ak yon ti gwoup aktè ki kapte pifò nan kalite finansman sa yo, li ta ka enpòtan tou pou konsidere retire kritè kalifikasyon sa a, nan lide pou rive jwenn pwojè ki pi laj, pou ankouraje sinèji ant diferan sistèm ki egziste yo epi pou ranfòse dinamik patenarya ant diferan aktè sou yon teritwa.